



Pandan pasaj li sou tè a, nanm la genyen kapasite pou devlope 2 nati li yo, entelèk la ak sansibilite a,

li evolye pa sik (cycle). **Chak 7 lane** li pase nan lò nivo evolisyon. Ou kapab rele yo **sik kwasans.**

Kòm moun, lè nou sou late a, nanm la toujou sou chimen kwasans ak devlopman pèsònèl

Chak nanm anbake sou chemen transfòmasyon kote lap chèche aprann epi konnen a pati divès leson lap apran n pandan tout lavi l sou latè

Konsèp nanm enkane sou tè a se yon konsèp ki fasine limanite depi plizyè sysèk,


anpil filozòf espiryèl kwè ke nanm la pandan pasaj li sou tè a evolye, pase, pa diferan sik nan kwasans li

Dapre ansèyman espiryèl antik yo, vwayaj nanm ki enkane sou planèt Tè a, **ka divize an douz (12) sik, chak dire apeprè sèt (7) ane.**

Se 12 sik opòtinite pou nanm la grandi, apran n, dekouvri, evolye, mache nan gran chimen lavi a

An nou gade chak sik pou nou ka konpran chimen lavi a.

Pandan w wap vin n konnen sik yo, chèche nan ki sik ke w ye jodiya..



Sik (cycle) 1: Fondasyon Baz Idantite w (0-7 an)



INIVSITE VODOU AYISYEN

INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

- Premye sik sa a make demaraj pasaj nanm la sou latè a . Padan 7 lane fondasyon sila yo, nanm la bati fondasyon sou environman rapwoche l. 2 a 3 premye lane yo, se sou vibrasyon ke nanm la bati fondasyon l.
- Si environman an pa genyen amoni ladan, nanm la resanti vibrasyon yo, ensekirite yo, angwas yo, agresivite yo. Si environman an genyen amoni ladan, nanm ap devlope santiman sekirite byen bonè nan chimen evolasyon an.
- Nan sik sila, Timoun yo kòmanse kiltive konfyans yo, asirans yo, yo apran n kominike, devlope abilite bazik yo, nann la ap apran n esplòre anviwònman l.
- Peryòd sa a se yon peryòd aprantisaj apati environman a, nanm la vini genyen atach ak fanmi l, ki fòm vizyon l, ki bali sekirite depi lè li te fèk fèt,
- Se sik kote w kapte reyalite environman w sou fòm vibrasyon. Sik sila enpòtan anpil pou jesuit yo ... yo di w bannou yon timoun ant 0 a 7 an map fèl vini yon jesuit. Tout twomastism ke nan m la viv pandan peryod sila pral aji sou li seryezman nan period 21-28 an sill pa rive jwen solisyob nan twoma a.
- Pandan peryod sila a, nanm la totalman depanndan de zòt pou li viv.

Sik (cycle) 2: Explorasyon - kiyozite (7-14 an)

- Nan m la ki enkane a ap koumanse explore reyalite kap prezante devan l ... lòm vini ap aji tankou yon explorateur ki vle dekouvri tout bagay.
- **Dezyèm sik sa a pote yon anvi explore ak devlope tèt ou. Entelijans ou kòmanse ap devlope**, ti moun la vini devlope yon santiman avantirye pandan lap chache endepandans li.
- Gran peryod edikasyon a komanse. Se epok sila a ke anpil konsèp relijye, syantifik, konsèp sosyal ki atache ak milye kote w wap evolye, wap apran n de moun kap eleve yo, wap apran a pati fanmi w, zanmi w, environman imedyà w. wap apran n kote yo voye w lekòl
- **Se yon peryòd ki kritik pou fòmasyon idantite w, devlopman abilite sosyal ou, ak, eksplorasyon limit pèsònèl ou.**

Sik (cycle) 3: Adolesans - Endividyalite (14-21 an)

- Pandan sik sila a, adolesan yo rantre nan yon faz kwasans rapid - yo vini ap pran konsyans de tèt yo. Entelek l kontinye ap elaji, ap devlope, li koumanse ka genyen yon panse kritik ak kapab pran desizyon. Yon kon di nan mitan moun ki konpran nuans - yo di se peryod laj engra, adolesan yo... yo koumanse renmen tout bon ouswa kritike paran yo.
- Se epok kote w koumanse eksplòre vale w.
- ou koumanse genyen aspirasyon profesyonèl. Adolesan an ke w vini a, vle kiltiver indepanndan li ansanm ak sekirite
- Se sik kote adolesan kap vini dezekilibre si te genyen anpil tromatizm antre 0-7 an.

Sik (cycle) 4: Rechèch Stabilité (21-28 an)

- Se yon sik kote nanm la ki nan kò a, ki genyen yon entelek (tèt) , yon sansibilite (kè) pral chèche viv yon stabilite,
- Lap koumanse poze baz solid pou avni li,



INIVSITE VODOU AYISYEN

INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

- Moun ki nan sik sila am pral vle chèche konnen sa ki Bondye a, paseke lap grandi ak santiman enstabilite, lap dekouvri ke l pa pafè
- Lap chèche Bondye.
- Se nan sik sila a genyen plis swisid, sitou lè nanm la, ki vini sou latè a, te viv plizyè twomatism nan sik avan yo.
- Pandan sik sila wap vin n devlope bezwn pou klarifye konsèp yo, devlope objektif pèsone ak pwofesyonèl ou,
- devlope relasyon w - tankou tou se peryod sila ke vle koumanse tabli responsabilite w devan sosyete a.
- Se lè pou chèche yon edikasyon, chèche yon travay ki korepons ak sa w renmen nan gran chemin lavi a
- Nan chèche sak Dye a, fòs siprèm la, nanm vini ap devlope, ranfòse kwaynans relijye ak espiryèl li.

Sik (cycle) 5: Rechèch Sajès - Entegrasyon (28-35 an)

- Nan sik sila a, nanm la rive devan yon gran kafou nan gran chimen lavi a.
- Se lè matirite ak sajès koumanse fleri. Nanm la ap chèche avansman l
- Se nan sik sila ke nanm la ki soul latè a koumanse jwen repons ki sa ki Dye a.
- Se nan sik sila a, ke nanm ki sou latè a koumanse mete an pratik tout sa l te deja apran n.
- Se lè pou lòm koumanse pran responsabilite l tankou genyen yon metye - chèche fè yon karyè
- Nanm la ka marye ak koumanse devlope yon fanmin, yon fwaye.
- konsèp filozofik, espiryèl ak relije vini pi rafine pandan sik 28-35 lane a, yon vini pi byen defini.
- Nanm la toujou ap poze tèt li plizyè keston, lap chèche sous lavi a. la chèche konpran n kote l soti.
- Se konsa li vin n elaji lespri l, konpreyansyon l, santiman l sou tèt li sk anvironman l

Sik (cycle) 6: Mèt tèt (35-42 an)

- Nan sik sila a ou koumanse vini Mèt Tèt ou -
- Anpil repons ak konpreyansyon vini jwen ou.
- Ou pran kontwol destine w.
- Lidership ou ap pran vitès
- ou koumanse jwen plas ou nan sosyete a.
- Ou vini genyen, lòt pasyon, lòt dezi, lòt enterè.
- Se peryod prodiktivite w monte pi wo, paseke ou vle genyen reziltat nan tout sa w fè
- Se peryod kote w konpran plas ou nan sosyete a, pli byen.

Sik (cycle) 7: Matirite (42-49 an)



INIVSITE VODOU AYISYEN

INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

- Lè w rive nan 7yèm sik la ou sanse rive devlope yon matirite ki genyen pou baz tout sa nanm la konnen ak viv.
- Li sipoze yon peryod pwoperite w, kote w tout sa te fè tounen miltipliye.
- Se yon abondans sou tout fòm
- se yon peryod kote w akimile yon pakèt richès materyèl ak imateryèl
- Se sik kote sipoze rive nan top nivo w, wap travay, pou w ka kite yon eritaj, (familyal, ekonomik, moral)
- Se sik kote vizyon w vini elaji, li depase kad familiyal,
- Se sik kote w vle angaje w nan kominote a, nan peyi,
- Se sik kote w genyen explikasyon pa w sou lavi sou latè a.

Sik (cycle) 8: Respons Espirityèl (49-56 an)

- Se yon sik transfòmasyon,
- Se yon sik kote yon pakèt repons ap vini jwen ou paseke genyen yon pakèt chanjman enteryè ki rive pwodwi lakay ou
- Se sik konte w kapab vini plis atire pa relijyon ouswa espirityalite.
- Se sik kote w vini plis konpran n sa ki Dye a.
- Se sik kote repons la vi a, konesans la vie, fè nanm la vini pli adapte, li vini plis ap devlope relasyon ak linivè ak Dye.

Sik (cycle) 9: Envantè (56-63 an)

- Se sik kote w vini entegre konplèman nan sosyete, wòl, atribisyon, angajman w vini pran fòm li, ou ranre nan gran chimen lavi a nan tout dimansyon l
- Se sik aboutisman kote kwasans ak aprantisaj nanm la vini fèt
- Se sik kote wap rive fè sentèz lavi a pou ou;
- Se sik kote si w satisfè ak lavi a, ou devlope yon santiman akomplisman ak rive genyen la pè ak kè kontan
- Se yon sik si w pa satisfè, maladi rantre sou wou fasil, nanm la bouke, li malad, li tromatize, pasaj li sou tè, li santil rate. Nanm la chèche mwayen poul kite sa.

Sik (cycle) 10: Rekòt (63-70 an)

Lè yon moun rive nan laj 63 a 70 an, byen souvan, yo konn twouve yo nan yon faz ki enteresan nan lavi a.

- Se yon sik ki pote anpil chanjman, anpil transfòmasyon fizik, emosyonèl, ak sosyal.
- Se peryòd kote moun la sipoze ap pran retrèt li ouswa ap retrèt li.
- Nan sik sila a, chanjman fizik kay moun souvan vin pi aparant. Enèji l vin diminye, metabolis li vin ralanti, maladi rante pli fasil
- Se sik kote wap kontinye rekòlte tout sa w te simen.



- Sik la kapab yon peryòd rekonesans ak apresyasyon pou tout kontribisyon yon moun nan sosyete a, fanmi l, ak kwasans pèsònèl.
- Se peryòd pou jwi fwi travay ou epi pou w jwenn kontantman nan lavi yo.

Sik (cycle) 11: Entegrasyon - Achèyman - Aboutisman (70-77 an)

Lè yon moun rive nan laj 70 a 77 an, se yon etap enpòtan nan lavi l.

- Li se yon peryòd ki plen defi ak opòtinite ladan n.
- Li esansyèl pou w apwòche etap sa a ak yon atitud pozitif e fòk ou rete aktif.
- Sa pa vle di ke w rive nan tobout ou, li pa vle di ke lavi w rive nan konklizyon.
- An reyalyte, gen plizyè eksperyans ke w ka fè pandan ane sa yo, ki kapab bawou an bon santiman.
- Se yon peryòd kote w repase nan memwa w lavi ou .
- Se yon peryòd kote w vini genyen enkyetid pou sante w.
- Se yon peryòd kote Sajès ak Konesans ou vini ogmante plis
- Nan sik sa a, se kote w entegre tout eksperyans pase yo, tout leson ke w apran n, ak divès aspè nan pwòp tèt ou.
- Se yon tan pou aksepte pwòp tèt ou, anbrase enpèfeksyon w, ak jwenn lapè anndan an.
- Se yon peryòd kote w kontinye konsantre sou konsolide sajès ak jwenn amoni ant kò ak lespri.

Sik (cycle) 12: Transandans (77-84 Plis an)

- **Se sik final la. kote w wap prepare w pou rantre nan yon lòt jounen**, wap prepare w pou tounen kote te soti, pou w kontinye evolye lib nan inivè a
- Se sik ki make pa yon revèy espiyèl, kote w wap detache w ak byen materyèl, pou w kapab nourri plis koneksyon an ak diven an.
- Nsn sik sila a nanm la souvan reflechi sou sa li te vini fè sou latè, eske l li akonpli misyon l nan lavi sa a epi prepare yo pou yon lòt tranzisyon .

Li enpòtan pou nou konpran n ke sik yo varye pou chak moun. Yo se yon gid pou nou, nan evolisyon nou sou latè a,

Sik yo pa ni rijid ni fikse. tankou yo pa garanti w kwasans ak evolisyon.

Chèche konpran n nan ki sik ke ye jodiya, fè bilan viv w pou konpran n kote ye jodiya.

Regwoupe tèt ou pou w ka vanse pli byen nan lavi a. Toujou chèche lapè ak kè kontan.

Vwayaj yon nanm enkanse sou plan terès se yon chemen transfòmasyon.

Sik kwasans yo, ki dire sèt ane, se piti a piti ke w fòme entèlijans la ak emosyon w, fòme karaktè w,

 <p>Inivèsite Vodou Ayisyen INIVA</p>	<p>INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org</p>
--	--

Nan chak sik ou vini pli byen konpran n lavi w sou tè a



Lè w anbrase chak opòtinite ki prezan nan chak sik, no

u ka antre nan yon vwayaj remakab nan dekouvèt pwòp tèt ou, kwasans ak evolisyon w,

Pandan chak sik yo, wap pwal evolye selon don espirityèl ou, ki se kapasite w pou pèsevwa reyalite ki antoure w.

Nou pral abòde tout sa nan leson kap swiv sila a.



INIVESITE VODOU AYISYEN
INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org